# Nekkul woon ku ñaaw i wax du caagine ay jëf, du caagine kuy coow ci ja yi, (marché)te daawul fayantoo lu ñaaw, waaye day baale di jéggale

Jële nañu ci Abii Abdul Laahi Al-Jadalii nu wax ne: laaj naa Aysatu ndayu jullit ñi yal na ko Yàlla dollee gërëm jikkóy Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: Nekkul woon ku ñaaw i wax du caagine ay jëf, du caagine kuy coow ci ja yi, (marché)te daawul fayantoo lu ñaaw, waaye day baale di jéggale.
[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko, ak Ahmat]

Laaj nañu yaayu jullit ñi Aysatu yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc jikkóy Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: bokkul woon ci jikkóom wax ju bon ak jëf ju bon, te du jéem a ñaawal du caagine mu tay ko, du caagine it di coow di yëkkëti kàddoom ci ja yi, te du fayantoo lu ñaaw; waaye day faye lu rafet, di baale ci biir, di jéggale di dummóoyu ci li feeñ.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee